O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI XALIQ
BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

A`JİNİYAZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK
PEDAGOGIKALIQ İNSTİTUTI

Qaraqalpaq til bilimi kafedrası

Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakulteti
3A kurs studenti Shadımuratova Nilufardın`

«Qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikası» pa`ninen
«GA`PTIN` EKINSHI DA`REJELI AG`ZALARIN
OQITIW USILLARI»
degen temada tayarlag`an

# KURS JUMISI

Qabıllag`an: f.i.k.M.Qurbanov

No`kis – 2014

**JOBASI:**

**1. KIRISIW**

**2. TIYKARG`I BO`LIMLER**
**Tolıqlawıshtın` bildiriliwi ha`m onı oqıtıw**
**Tuwra tolıqlawıshtı oqıtıw**
**Qıya tolıqlawıshtı oqıtıw**
**Anıqlawıshtı oqıtıw**
**Anıqlawıshtı baylanısıw usılına qaray oqıtıw**
**Ayqınlawıshtı oqıtıw**
**Pısıqlawıshtı oqıtıw**
**Pısıqlawıshtın` ma`nilik tu`rlerin oqıtıw**

**3 JUWMAQLAW**
4. **PAYDALANILG`AN A`DEBIYATLAR**

# KIRISIW

Qaraqalpaq tilindegi ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zaların oqıtıw 8-klasstan baslanadı. Sebebi, bul temag`a deyin ga`p ha`m onın` belgileri, so`z dizbekleri, so`zlerdin` o`z-ara baylanısıwı, ga`ptin` ma`nisine qaray tu`rleri ja`ne ga`ptin` bas ag`zaları a`piwayı tu`rde tu`sindiriledi.

Endigi wazıypa - ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zaların ken`irek u`yretiw bolıp esaplanadı. Ol ushın ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zaları haqqında pikir ju`ritiledi, keyin mısallar ja`rdeminde olardın` xızmeti aytıladı.

Ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zaların izbe-izlik tiykarda u`yrengen paydalı bolıp tabıladı. Bul metodikalıq ko`rsetpenin` jazılıw maqseti-ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zaların ja`ne so`zlerdin` baylanısıw usılların, so`z dizbekleri menen ekinshi da`rejeli ag`zalardın` ga`pte qollanılıwın olardın` a`debiy shıg`armalarda, awızeki so`ylewde beriliw jolların u`yretiwden ibarat.

Qaraqalpaq tilindegi ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zaların u`yretiwdin` wazıypası oqıwshılarg`a ga`p ag`zaları, olardın` birinshi ha`m ekinshi da`rejeli ag`zalarg`a bo`liniwi ma`nilik tu`rleri, du`zilisi boyınsha ilimiy-teoriyalıq bilim, grammatikalıq materialdı jaqsı biliw ko`nlikpesin beriwden ibarat.

Ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zaların u`yretiwde to`mendegilerge itibar beriledi:

- ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zaların oqıtıwda oqıwshının` jas o`zgesheligin, bilim da`rejesin esapqa alıw;
- bul boyınsha o`tilgen materialdı oqıwshının` jaqsı o`zlestiriwin ku`ndelikli jumıs barısında onı qollana alıw da`rejesin anıqlaw;
- usı materialdı aldın o`tilgen materialg`a salıstırıp, onı jaqsı biliwin ta`miyinlew;
- ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zaların oqıtıwda qolaylı usıllardı durıs tan`law;
- ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zalarının` qatnasında ha`r tu`rli jazba jumıslardı o`tkeriw ha`m t.b.

Ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zaları tolıq o`zlestirilse, jay ha`m qospa ga`ptin` tu`rleri haqqında tu`sinik ken`eyedi, na`tiyjede oqıwshılardın` til baylıg`ı rawajlanıp, oy-o`risi o`sedi, sintaksisti u`yretiwge tiykar boladı. Sebebi, jay ga`p sintaksisinde pikirdi ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zaları atqarsa, qospa ga`ptin` shegarasın ayırıw, onı tu`rlerge bo`liw usı ag`zalarg`a baylanıslı boladı.

Ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zaların tu`sindiriwde u`yrenilgen bilimlerdi bekkemlewde ha`r qıylı jumıs tu`rleri ju`rgiziledi. Atap aytqanda: a) berilgen ga`plerdi ga`p ag`zalarına ajıratıw, b) baslawısh yaki bayanlawıshtın` katnasında ga`p du`zdirip, ma`nilerin anıqlaw t.b.

Sabaqta a`meliy jumıs orınlang`anda ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zalarının` belgileri menen o`zgesheliklerin oqıwshılar an`sat bilip aladı. Ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zaların anıqlaw ha`m olardı klassifikatsiyalawda to`mendegi belgiler esapqa alınadı:

- ekinshi da`rejeli ag`za menen tu`sindiriliwshi ag`zalardın` ma`nilik qatnasları;
- ekinshi da`rejeli ag`zanın` morfologiyalıq bildiriliwi;
- ega`ptegi so`zlerdin` sintaksislik baylanıs belgisi;

- tu`sindiriwshi ha`m tu`sindiriliwshi ag`zalardın` leksika-semantikalıq belgisi ha`m t.b.

Ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zaları bas ag`zalar menen sintaksislik jaqtan baylanısıwına ha`m funktsional`lıq belgisine qaray, tolıqlawısh, anıqlawısh, ayqınlawısh ha`m pısıqlawısh ag`zalar bolıp bo`linedi. Ga`p ag`zaları ga`pti du`ziw xızmetine qaray ga`p du`ziwshi bas ag`za ha`m ga`pti tolıqtırwshı, ken`eyttiriwshi ekinshi da`rejeli ag`za bolıp keledi.

## TOLIQLAWIShTIN` BILDIRILIWI HA`M ONI OQITIW

Tolıqlawısh ko`binese atlıq, almasıq ha`m basqa da zatlasqan so`z shaqaplar arqalı grammatikalıq formalarda to`mendegishe bildiriledi:

1. Tabıs sepligi onın` tiykarg`ı grammatikalıq belgisi.

Mısalı: *Onı* keshe ko`rdim. *Tandırdı* qızg`anda jap.

2. Barıs, shıg`ıs, orın sepliklerindegi so`zler so`z birikpeleri, sol sepliklerdin` qosımtaları tolıqlawıshtın` grammatikalıq belgileri boladı. Mısalı: Ol *jerge, suwg`a* iye boldı. *Ag`amnan* xat aldım, ol u`yinde eken.

3. Tolıqlawıshlar *menen*, *penen*, *tuwralı* usag`an tirkewishler, ko`mekshi so`zler menen ja`ne tolıqsız feyiller arqalı dizbeklesedi. Mısalı: Ol oqıw *tuwralı* ko`p oyladı. Onın` turpayı *ekenin* keyin bildim.

Tolıqlawısh bolatug`ın so`zler ha`m so`z birikpeleri to`mendegiler:

1. Atlıqtan bolg`an tolıqlawıshlar. Mısalı: *Joralarıma* pikirimdi ayttım. Kelgen *baxıttı* sezbey qaldı.

2. Almasıq ha`m sanlıqtan bolg`an tolıqlawıshlar. Mısalı: Ol *meni* qasına shaqırıp aldı. Olja *ekige* bo`linip, jartısı qaldı.

3. Kelbetlik, kelbetlik feyil menen atawısh feyiller, barıs, tabıs, orın, shıg`ıs sepliginde turıp atlıq ma`nisin an`latqanda tolıqlawısh boladı. Mısalı: *Bermegendi* berip uyalt. Aqıl *jastan* shıg`adı. (naqıl)

Tolıqlawıshtı oqıtqanda ha`r qıylı usıllar paydalanıladı. En` da`slepki sabaq gu`rrin` o`tkeriw jolı menen baslanadı. Tolıqlawısh ag`za tan`lap alıng`an mısallar tiykarında talqılanıp, olardın` ne ushın tolıqlawısh bolıp turg`anlıg`ı anıqlanadı.

Onnan son` tolıqlawısh bolıp turg`an so`zdin` ma`nisine, o`zgerisine, qaysı ag`za menen baylanısına itibar beriledi. ***Usınday jumıslardan keyin tolıqlawıshtın` o`zine ta`n belgileri tu`sindiriledi ha`m mınalarg`a itibar beriledi:***

1. Tolıqlawısh feyilden bolg`an bayanlawıshtı zatlıq ma`nide tolıqtıradı.

2. Shıg`ıs, orın sepligindegi so`zler tolıqlawısh ha`m pısıqlawısh xızmetinde keletug`ınlıg`ı aytıladı.

Oqıwshılar is-ha`reketine, qatnasına qaray tolıqlawıshtın` tuwra ha`m qıya, qurılısına qaray dara ha`m qospa bolıp keliwin u`yreniw arqalı tolıqlawısh tuwralı mag`lıwmatqa iye boladı. Tolıqlawısh haqqında tu`sinikti oqıwshılardın` sanasına tolıq sin`diriw ushın mına wazıypalar iske asırıladı:

- so`z shaqapların, sepliklerdi ha`m tirkewishti qayta eske alıw;
- bular boyınsha mısallardı talqılaw;
- tolıqlawıshtı, tu`sindiriwde induktiv ha`m deduktiv usıllardan paydalanıw ha`m t.b.

Da`slep tolıqlawıshtın` du`zilisine qaray dara ha`m qospa bolıp keliwi u`yreniledi. Bunday jag`dayda dara ha`m qospa tolıqlawıshlar bir-biri menen salıstırıladı, olardın` o`zgeshelikleri mısallar arqalı aytıladı.

## TUWRA TOLIQLAWIShTI OQITIW

Ga`p ishinde ha`reket tuwrıdan-tuwrı qaratılg`an tabıs sepligindegi yaki sol ma`nide kelgen basqa da so`zler tuwra tolıqlawısh xızmetin atqaradı. Tuwra tolıqlawıshtın` tiykarg`ı grammatikalıq belgisi tabıs sepliginin` jalg`awları bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaq tilinde tuwra tolıqlawıshlar grammatikalıq o`zgesheliklerine qaray jalg`awlı ha`m jalg`awsız bolıp kele beredi. Oqıwshılarg`a tuwra tolıqlawısh boyınsha tolıq mag`lıwmat yamasa teren` bilim beriwde soraw-juwap usılınan paydalanıladı.

Tuwra tolıqlawıshtı o`zlestiriw ushın ga`pte tolıqlawıshtın` qollanılıwına ha`m ma`nilerine itibar beriledi. Sonda oqıwshılar mısallar menen salıstırıwlar arqalı tuwra tolıqlawısh boyınsha bilimge iye boladı.

Tuwra tolıqlawıshlardı oqıtıwda ba`rha`ma birdey usıl paydalanılmastan, temanı an`sat tu`sindiriwde gu`rrin` o`tkeriwge de boladı ha`m ko`rsetpeli qurallardan paydalanıwg`a tuwra keledi.

Temanı ilimiy-metodikalıq jaqtan oqıwshıg`a jetkeriwde tan`lap alıng`an mısallar talqılanadı, da`lillenedi. Ayırım jag`daylarda tuwra tolıqlawıshtı anıqlaytug`ın mısallardı tabıw oqıwshılarg`a tapsırıladı. Sonda olar temanı tolıq tu`sinip o`zlestiredi, mısallar tabıw uqıplılıg`ına iye boladı.

Tema o`tilip bolıng`annan son`, sabaqlıqtag`ı temag`a tiyisli shınıg`ıwlar boyınsha klassta a`meliy jumıs alıp barıladı. Shınıg`ıwdı orınlawdın` sha`rti ha`r qıylı bolıwı mu`mkin. Sonlıqtan shınıg`ıwdı orınlawdın` sha`rti tu`sindiriledi, bunnan basqa ***to`mendegidey tapsırmalar beriledi:***

- tekstten tuwra tolıqlawıshtı tawıp, ashıq yaki jasırın formada keliwin anıqlaw;
- oqıwshılardın` o`zlerine ga`p du`zdirip, tuwra tolıqlawıshtın` jalg`awların taptırıw;
- temag`a baylanıslı klassta tan`law diktantın jazdırıw h.t.b.

Bul jumıs tu`rlerinen basqa oqıwshılardın` usı temag`a tiyisli bilimin, tu`sinigin anıqlaw maqsetinde sorawlar berilip, juwaplar alınadı yamasa test o`tkerilip barıladı. Ayırım jag`daylarda kespe qag`azlar u`lestirilip, oqıwshılardın` tema boyınsha bergen juwapları anıqlanadı.

Demek, tuwra tolıqlawısh haqqında beriletug`ın bilim ha`m tu`sinik ilimiy-metodikalıq talaplarg`a juwap beretug`ın, oqıwshının` oy-o`risin o`siretug`ın, ha`r ta`repleme ta`rbiyalaytug`ın da`rejede bolıwı tiyis.

## QIYa TOLIQLAWIShTI OQITIW

Qıya tolıqlawısh xızmetinde barıs, shıg`ıs, orın seplikler ha`m tirkewishler menen kelgen ob`ektlik ma`nidegi so`zler qollanıladı. Qıya tolıqlawıshlar ko`binese feyilden bolg`an bayanlawıshtın` ob`ekti boladı.

Tuwra tolıqlawısh awıspalı feyilge qatnaslı bolsa, qıya tolıqlawısh birde awıspasız feyilden bolg`an so`zden, birde atawısh so`zden bolg`an ag`zalar menen baylanıslı bolıp, solardan ha`reketin yaki basqa ma`nige qaratılg`an adamdı, zattı tu`sindiredi.

Qıya tolıqlawıshtı oqıtıw barısında tolıqlawıshlardın` qaysı sepliklerde keliwine, qanday ma`nilik belgilerge iye bolıwına na`zer awdarıladı.

Oqıwshılar qıya tolıqlawıshlardın` qaysı sepliklerde keliwin u`yreniw arqalı onın` barıs, shıg`ıs, orın sepliklerinde kelip, ayırım so`zlerdin` tolıqlawısh yamasa pısıqlawısh bolatug`ının ayırıp biliwge erisedi.

Sonda oqıwshılar so`zlerdin` belgilerin itibarg`a alıwg`a olardın` semantikasına, stil`lik o`zgesheliklerine kewil awdaradı. Qıya tolıqlawısh u`yrenilgende geypara orınlarda shıg`ıs, orın, barıs sepligindegi so`zlerdin` tolıqlawısh yaki pısıqlawısh bolatug`ını tu`sindiriledi.

Eger so`zler zatlıq ma`ni bildirgende qıya tolıqlawısh boladı da, al waqıtlıq, orınlıq ma`nilerdi bildirse pısıqlawısh boladı. Bul ga`p ag`zaları talqılang`anda grammatikalıq formalardın` qollanılıwı menen olardın` konteksttegi ma`nilerine itibar beriledi.

Qıya tolıqlawıshtı tu`sindiriwde mug`allim o`tiletug`ın materialdın` mazmunına, ha`reketine qaray jan`a materialdı oqıwshılardın` sanasına tolıq jetkeriwde metodikalıq usıllardın` paydalısın qollanadı.

Material oqıwshının` esinde tolıq saqlanıw ushın bir neshe ga`pler jazdırıladı. Oqıwshılar ga`plerdegi qıya tolıqlawıshtı anıqlag`annan son`, onın` qaysı seplikte turg`anlıg`ın, sorawların, qaysı so`z shaqabınan jasalg`anın tu`sinedi ha`m olardın` tema boyınsha alg`an bilimleri jetkilikli boladı.

Qıya tolıqlawıshtı oqıtıw waqtında burın o`tilgen tuwra tolıqlawısh penen salıstırıladı, ha`r birine ta`n mısallar tan`lap alınıp tallanadı.

Bunnan son` tuwra ha`m qıya tolıqlawıshlarg`a baylanıslı so`zlik diktantı jazdırıladı. O`ytkeni, oqıwshılar tuwra ha`m qıya tolıqlawıshlarg`a tiyisli so`zlerdi shatastırıwı mu`mkin yamasa bir-birinen ajırata almaydı. *Tema o`tilip bolıng`annan keyin oqıwshılarg`a to`mendegidey sorawlar berilip juwaplar alınadı:*

1. Qıya tolıqlawıshtag`ı so`zler qanday sorawlarg`a juwap beredi?
2. Qıya tolıqlawıshlar qanday sepliklerdi talap etedi?
3. Qıya tolıqlawıshlar qaysı ko`mekshi so`zler menen dizbeklesedi?
4. Qıya tolıqlawısh tuwra tolıqlawıshtan qalay o`zgeshelenedi ha`m t.b.

Qıya tolıqlawıshlar tuwralı oqıwshılar tolıq tu`sinik alg`annan son` ha`r qıylı shınıg`ıw jazadı. Bunda olar qıya tolıqlawıshlardın` ga`pte qollanıw ta`rtibin, onın` ma`nilik belgilerin bilip alıwg`a erisedi. Son` u`yde orınlap keliwge bir neshe ga`p du`ziw, shıg`armalardan u`zindiler keltirip, onnan qıya tolıqlawıshtı tabıw tapsırması beriledi.

Tolıqlawısh boyınsha material o`tilip bolıng`annan son` juwmaqlaw sabag`ı o`tiledi. Bul sabaq barasında tolıqlawısh degen ne? Ne ushın tolıqlawıshlardı du`zilisine, ma`nisine qaray tu`rlerge bo`lip u`yrenemiz? Dara ha`m qospa tolıqlawıshlardın` bir-birinen parqı nede? Tuwra ha`m qıya tolıqlawısh bir-birinen qalay o`zgeshelinedi? h.t.b. Usı sorawlar boyınsha jumıslar orınlanadı, oqıwshılardın` bilimi bir sistemag`a tu`siriledi.

Bul temanı u`yreniw arqalı oqıwshılar tolıqlawıshlardın` qaysı sepliklerde qollanılatug`ının, qanday so`z shaqabınan bolatug`ının, so`zlerdin` konteksttegi ma`nilerin, qanday ko`mekshi so`zler menen dizbeklesip keletug`ının, a`debiy shıg`armada beriliwin ha`r ta`repleme bilip alıwg`a erisedi, olardın` do`retiwshilik jumıs islew uqıbı qa`liplesedi.

Tolıqlawısh ga`p ag`zasın tu`sindiriwde barıs, tabıs, shıg`ıs, orın sepliklerdegi so`zlerdin` sorawları, ma`nileri, ol so`zlerdin` qanday so`zler menen baylanısıp kelgeni mısallar arqalı aytıladı.

Oqıwshılar tolıqlawıshlardın` qurılısın, ma`nisin, sorawların, qaysı ga`p ag`zaları menen baylanısıp turg`anın bilse, olarg`a *tuwralı, jo`ninde, arqalı, sıyaqlı kibi* tirkewishler ja`rdeminde ga`p du`ziw tapsırıladı.

Usınday jumıslar u`ziliksiz orınlansa, oqıwshılar tolıqlawısh ag`zanın` feyilden bolg`an ag`za menen baylanısıp ga`ptin` ma`nisin tolıqtıratug`ının bilip aladı, ***tolıqlawıshtın` to`mendegi xızmetlerde qollanılıwın anıqlaydı:***

1. Tolıqlawısh feyilden bolg`an ga`p ag`zanı, bayanlawıshtı zatlıq ma`nide tolıqtıradı.
2. Barıs, tabıs, shıg`ıs sepliklerindegi so`zler *tuwralı, jo`ninde, haqqında* tirkewishleri menen dizbeklesip keledi.
3. Tirkewishsiz keletug`ın tolıqlawıshlar tolıqtıratug`ın ag`zanı basqarıp keledi.
4. Tolıqlawıshlar qurılısına qaray dara ha`m qospa boladı.

***Tolıqlawıshtın` ma`nilik belgilerin u`yretiwde mınaday a`meliy jumıslar orınlanadı:***

- Berilgen tekstten tolıqlawısh ag`zanı tawıp, onın` qalay jasalg`anın, onın` qaysı tu`r ekenin anıqlaw;
- Berilgen so`zlerdin` ja`rdeminde ga`p qurap jazıw;
- Ha`r tu`rli so`z shaqaplarınan jasalg`an qospa tolıqlawısh so`zlerge mısallar keltiriw;
- Tuwra ha`m qıya tolıqlawıshlarg`a sabaqlıqtan yamasa o`zleri oqıg`an a`debiy kitaplardan on ga`p jazıw;
- Tuwra tolıqlawıshtın` qaysı feyilden jasalg`anın, qaysı ag`zanı tolıqtırıp turg`anın aytıw;
- Qıya tolıqlawıshtın` qaysı so`z shaqabınan jasalg`anın, qaysı ag`zanı tolıqtırıp turg`anın aytıw;
- Tabıs sepliktegi so`zler qalay tuwra tolıqlawısh bolatug`ının anıqlaw;
- Al basqa sepliklerdegi so`zlerdin` qıya tolıqlawıshlar ekenin da`lillew;
- Tolıqlawıshtın` baslawısh ha`m bayanlawısh ag`zanı tolıqtıratug`ınına mısallar keltiriw;
- Tolıqlawıshtın` ja`rdeminde du`zilgen ga`plerdi tu`sinip jazıw;
- Kespe qag`azlar menen jumıs alıp barıw;
- Berilgen sxemalar boyınsha ga`pler du`ziw;
- Birgelkili tolıqlawıshtan quralg`an ga`plerdi mısalg`a keltiriw;
- Tolıqlawısh ag`zag`a baylanıslı diktant ha`m bayan jazıw ha`m t.b.

Tolıqlawısh ha`m onın` tu`rlerin u`yretiwde joqarıdag`ı talaplar esapqa alınsa, oqıtıw barısında qolaylı metodikalıq usıllar paydalanılsa, oqıwshılardın` bul ga`p ag`zası boyınsha tu`sinigi menen bilimi ken` ha`m tıyanaqlı boladı.

# ANIQLAWISҺTI OQITIW

Anıqlawısh ag`za zatlıq ma`nide qollanılatug`ın bas ha`m ekinshi da`rejeli ag`zalardı anıqlawıshlıq ma`nide anıqlap keledi, olar sintaksislik xızmeti jag`ınan o`zi anıqlaytug`ın ag`zanı ha`r tu`rli belgiler menen anıqlaydı.

Basqa ekinshi da`rejeli ag`zalar sıyaqlı anıqlawıshlar grammatikalıq belgilerge iye bolıp, du`zilisine qaray bir so`zden ha`m o`z-ara ma`nilik jaqtan baylanısıp kelgen bir neshe so`z dizbeklerinen boladı.

Solay etip, anıqlawıshlar qurılısına qaray jay, qospa ha`m ken`eytilgen bolıp u`shke bo`linedi. Jay anıqlawıshlar ma`nili dara, birikken so`zden, sonday-aq ma`nili so`z benen ko`mekshi so`z dizbeginen boladı.

Al qospa anıqlawıshlar ha`r qıylı qospa so`zler menen bildiriledi. Ken`eytilgen anıqlawıshlar feyil toplamları arqalı bildiriledi. Oqıwshılarg`a anıqlawısh tuwralı mag`lıwmat berilgende da`slep onın` tiykarg`ı belgileri, sorawları haqqında aytıladı, anıqlawıshlar boyınsha bilimlerdi anıqlawda soraw qoyıw ta`jiriybelerine tiykarlanıp tu`sinikler sistemalastırıldı.

Da`slepki sabaq anıqlawıshtın` belgilerine sa`ykes keletug`ın so`z shaqapların eske tu`siriwden baslanadı. Sabaqta atlıq, almasıqlar ha`m iyelik sepligindegi kelbetlik penen sanlıq so`z shaqaplarına baylanıslı, soraw-juwap yamasa gu`rrin`lesiw o`tkeriledi.

Anıqlawıshtın` qurılısı boyınsha tu`rlerin tu`sindiriwde bir neshe ga`pler tiykarında awızsha jumıslar orınlanadı ha`m ga`pler tallanadı.

Da`slep jay anıqlawıshlardın` bir so`zden bolatug`ınına mısallar keltiriledi, onın` ga`pte qalay qollanılatug`ını aytıladı. *Zattın` ha`r qıylı belgilerin bildiretug`ın so`zler mınaday ga`pler arqalı tu`sindiriledi.*

1. *Aqıllı* adam so`z ma`nisin an`laydı.
2. *Qalın`* qamıs orıla basladı.
3. *U`lken* balası menen *kishkene* balası basqa shıg`arıldı.

Jay anıqlawıshlar dara yamasa tu`bir so`zden kele bermesten, olar qosımtalar menen aytılıp, ga`pte qollanılatug`ını eskertiledi. Bunday qosımtalı anıqlawısh tiykarınan atlıq, almasıq, sanlıq so`zlerden boladı. Mısalı: *kewilli, sanalı, birlikli, tanımalı, jedelli* t.b.

Qospa anıqlawıshlardın` so`zdin` dizbeklesiwinen bolatug`ını mınaday mısallar menen tu`sindirilse boladı: *Uzın boylı, ken` ko`sheli, qızıl ju`zli, at jaqlı* ha`m t.b.

1. Bul so`zler bir-biri menen qalay dizbeklesken?
2. Olardın` dizbeklesiw jolları qanday?
3. Qalay qospa anıqlawısh bolıp tur? Usı sorawlar boyınsha gu`rrin`lesiw o`tkeriledi, sorawlarg`a juwaplar alınadı.

Na`tiyjede oqıwshılar so`zlerdin` dizbeklesiw jolların, bir sorawg`a juwap beretug`ının, qalay qospa anıqlawısh bolıwın tu`sinedi. Berilgen qospa so`zdin` son`g`ı so`zi kelbetlikke ta`n qosımtanı qabıl etip, sınlıq belgini bildirgeni ushın qospa anıqlawısh bolg`anlıg`ı da`lillenedi.

***Qospa anıqlawıshlarg`a baylanıslı bilim menen tu`sinikti anıqlawda mınaday jumıslar orınlanadı:***

- teksttegi qospa anıqlawıshlardın` qollanılıwın anıqlaw;
- teksttegi anıqlawıshtın` ornına ko`p noqat qoyıp tiyisli ag`zalardı tawıp qoyıw;
- tolıq emes tallaw o`tkeriw;
- tiyisli so`zler ja`rdeminde ga`p quraw ha`m t.b.

Ken`eytilgen anıqlawıshlar haqqında mag`lıwmat beriw qıyın ha`m qospalı. O`ytkeni, ken`eytilgen anıqlawıshlar birneshe jollar arqalı bildiriledi. ***Olardın` ha`r birine mınaday ga`pler keltirip, ha`r qıylı usıllar menen tu`sindiriwge boladı:***

1. Olar pishen <u>*tasıp ju`rgen*</u> adamlar eken (A.A`liyev).
2. Da`r`ya <u>*boyına aparatug`ın*</u> jolg`a shıqtıq (sonda).
3. Mallar ushın <u>*ot sho`pler tayarlaw*</u> isi gu`jidi (sonda)

Berilgen ga`plerdegi ken`eytilgen anıqlawıshlardın` qanday so`zlerdin` dizbeginen bolg`anlıg`ı, qanday toplamlardan ibarat ekenligi ilimiy tiykarda bayanlanıp, ha`r ta`repleme talqılanadı.

Temanın` sapalı ha`m jaqsı o`zlestiriliwi ushın a`meliy jumıslar alıp barılıp, o`tiletug`ın tema anıq mısallar negezinde qolaylı usıllar menen u`yretiledi.

Ken`eytilgen anıqlawıshlardı tu`sindiriwde ha`r qıylı ko`rsetpeli qurallardan paydalanıladı.

Ko`rsetpeli quralg`a ga`pler jazılıp, ken`eytilgen anıqlawıshlardın` qanday jollar menen bildiretug`ınlıg`ı ko`rsetiledi.

O`tilgen temanı bekkemlewde jen`il tapsırmalar negizinde a`meliy jumıs orınlanadı, temag`a tiyisli sorawlar berilip juwaplar alınadı.

Shınıg`ıw jumıslarının` dawamı retinde so`z dizbekleri tiykarında jumıs islew tapsırması beriledi, ga`p qurawg`a u`yretiledi. Bunday ha`r qıylı jumıslar orınlang`anda ken`eytilgen anıqlawıshlarg`a tiyisli tu`sinik ken`eyip, bilim joqarı da`rejede boladı.

Anıqlawıshtın` qurılısın u`yreniwge baylanıslı ta`kirarlaw sabag`ı o`tkerilgende da`slep jazba jumıslar orınlanadı, son`ınan test sınaqların alıp barıwg`a boladı.

Anıqlawıshtın` qurılısın, olardın` bir-birinen o`zgesheliklerin anıqlawda tan`lap alıng`an ga`pler bir-biri menen salıstırıladı, ondag`ı so`zler ha`r ta`repleme tallanadı.

Sonda oqıwshılar dara, qospa, ken`eytilgen anıqlawıshlardın` qanday so`zlerden, so`z dizbeklerinen bolatug`ınlıg`ın, so`z dizbeklerindegi grammatikalıq belgilerdi anıqlawg`a erisedi.

Solay etip, anıqlawıshtın` qurılısın tolıq o`zlestirgen oqıwshı kelesi sabaqlarda anıqlawıshtın` basqa da tu`rlerin an`sat o`zlestirwge erisedi.

***Demek, oqıwshılar anıqlawısh boyınsha to`mendegidey bilim ha`m ko`nlikpege iye boladı:***

1. Anıqlawıshtın` qurılısın ha`m onın` tu`rlerin biliwge erisedi.
2. Ken`eytilgen anıqlawıshtın` qanday jollar menen bildiriliwin anıqlaydı.
3. Qospa anıqlawıshlardın` jup ha`m ta`kirar so`zlerden bolatug`ın tu`sinedi.
4. Tolıqlawısh ag`zadan onın` o`zgesheligin anıqlap, o`zlerinshe juwmaq shıg`aradı ha`m t.b.

Anıqlawıshqa baylanıslı teoriyalıq mag`lıwmat ha`m tu`sinik berilgennen son`, ol tuwralı bilim menen a`meliy ko`nlikpeni bekkemlewde mınaday jumıslar orınlanadı:

- berilgen tekstten anıqlawısh ag`zanı tabıw;
- olar ga`ptin` qaysı ag`zası menen qalay baylanısıp turg`anlıg`ın ha`m qanday sorawlarg`a juwap beretug`ının anıqlaw;
- berilgen ha`r qıylı so`z shaqaplarınan anıqlawıshlı ga`p quraw;
- du`zilgen ga`plerdi sxema arqalı ko`rsetiw;
- dara tu`rdegi anıqlawıshtan bolg`an ga`pti birgelkili ha`m qospa tu`rdegi anıqlawısh bolg`an ga`plerge aylandırıw;
- anıqlawıshtın` ha`r tu`rin keltirip bayan yaki shıg`arma jazıw;
- birgelkili anıqlawıshtan bolg`an ga`plerdin` irkilis belgilerin qoyıw ha`m t.b.

Anıqlawısh ag`za tuwralı berilgen bilim joqarıdag`ı tapsırmalardı orınlaw arqalı bekkemlenedi. Oqıwshılar anıqlawısh haqqında tu`sinikke iye bolmasa, ta`kirarlaw yaki juwmaqlaw sabaqlarında bul tuwralı mag`lıwmat ken`irek tu`rde beriledi.

Usınday jumıslar ha`m ta`kirarlawlardan keyin anıqlawıshqa tiyisli bilim teren`lesedi, tu`sinik ken`eyedi. Bunın` menen oqıwshılar kelesi temanı u`yreniwge, onı o`zlestirwge iykemlesedi, materialdı biliwdin` ta`rtibin tu`sinip, sabaqqa bolg`an qızıg`ıwshılıg`ı artadı.

## ANIQLAWIShTI BAYLANISIW USILINA QARAY OQITIW

Tildin` sintaksislik tarawında anıqlawısh ag`zanın` tutqan ornı o`z aldına. O`ytkeni, bul ag`za ha`r qanday ha`reketti anıqlap keledi ha`m basqa ag`zalardan o`zgeshelenedi.

Anıqlawıshtın` ga`ptegi orın ta`rtibi erkin tu`rde emes. Sebebi, anıqlawıshlar jupkerlesiwshi baylanısta kelse, olardın` orın ta`rtibi erkin boladı. Professor N.A. Baskakovtın` ko`rsetiwinshe anıqlawıshlar basqa so`zler menen baylanısta kelse, bir ga`p ag`zası xızmetinde jumsaladı.

Sol sebepten anıqlawıshlar o`zine qatnaslı ga`p ag`zalar menen baylanısıwına qaray ga`ptin` ha`r qıylı orınlarında kele beredi.

Mısalı:

1. *<u>Baxıtlı zaman</u>* ornadı.
2. Mashinadan *<u>eki</u>* jigit tu`sti.
3. Jer u`sti *<u>ko`p-ko`mbek</u>* suw boldı. (S.Saliev)

Bul ga`plerdegi anıqlawıshlar ga`ptin` basında ha`m ortasında kelgen, olardın` ornın o`zgertiwge bolmaydı. O`ytkeni, olar erkin orın ta`rtipte tur. Anıqlawısh boyınsha tu`sinik berilgende onın` ga`pte qollanılıwı, ga`ptegi xızmeti aytılıp orın ta`rtibi boyınsha pikir ju`ritiledi.

Anıqlawıshtın` jupkerlesiwshi baylanısta ha`m erkin orın ta`rtipte keliwi mısallar arqalı oqıwshının` esine salınadı, bul boyınsha ha`r qıylı tapsırmalar beriledi, anıqlawıshtın` erkin orın ta`rtipte ko`birek keletug`ını anıqlanadı.

Ayırım jag`daylarda jupkerlesiwshi baylanıstag`ı anıqlawıshlar birgelkili ag`zalı bolıp kelgende, olardın` ornı almasadı.

Mısalı: Lena-*<u>sulıwshıq</u>*, *<u>aq qız</u>*. *<u>U`lken, sarı</u>* samovar qaynap tur. (S.Saliev).

Anıqlawıshlardın` erkin orın ta`rtipte keliwin tolıq tu`sindiriwde soraw-juwaplardan paydalanıw maqsetke muwapıq keledi.

Oqıwshıg`a beriletug`ın soraw anıqlawıshtın` ga`pte qollanılıwına ha`m orın ta`rtibine baylanıslı bolıwı kerek.

1. Anıqlawıshtın` birgelkili bolıp kelgendegi orın ta`rtibin qalay almastırıwg`a boladı?

2. Onda ga`ptin` ma`nisine kesent keltireme yaki joq pa? Usılarg`a itibar beriledi.

Ol ushın ha`r qıylı ga`plerden paydalanıladı ja`ne shınıg`ıw jazdırıladı ha`m test alınadı.

Jupkerlesiwshi ha`m birgelkili anıqlawıshlardın` orın ta`rtibin oqıwshı qalay o`zlestirdi? Ol boyınsha qanday tu`sinikke iye boldı? Usı ma`selelerdi anıqlawg`a arnalg`an jazba jumıslar o`tkeriledi.

Izafetlik baylanıstag`ı anıqlawıshlardın` ga`ptegi orın ta`rtibi erkin bolatug`ını mısallar arqalı tu`sindiriledi. Bul o`zgeshelikti anıqlawda a`debiy shıg`armalardan ga`pler alınadı. Sol tiykarda izafetlik anıqlawıshtın` orın ta`rtibi aytıladı.

Mısalı: *Jazdın` aysız aqshamı* biraz salqın edi. (K.Sultanov).

Berilgen ga`p anıqlamanı tastıyıqlaytug`ın, oqıwshının` bilimin anıqlaytug`ın da`rejede bolıwı sha`rt. Sol jag`dayda anıqlawıshtın` orın ta`rtibin belgileytug`ın teoriyalıq bilim menen alıng`an mısal baylanıstırılıp, aytılatug`ın pikir jaqsı juwmaqlanadı.

Anıqlawıshtın` orın ta`rtibi anıqlamalar, mısallar ja`rdeminde anıqlanbastan, pikir ju`ritiw, soraw-juwap, analiz-sintez arqalı da belgili boladı.

Ha`r qıylı a`meliy jumıslar orınlaw, diktant jazdırıw na`tiyjesinde tema boyınsha tu`sinik bekkemlenedi.

Anıqlawıshtın` qaysı tu`ri bolsa da ga`pte belgili orın ta`rtipte keledi. Bul qubılıs tilde, a`debiy shıg`armalarda ko`birek ushırasadı. Sonlıqtan anıqlawıshtın` orın ta`rtibi barlıq jag`dayda erkin tu`rde boladı dep tu`siniledi.

Geyde anıqlawıshtın` ga`ptegi ornı inversiyalı usılda da keledi, onın` inversiyalıq orın ta`rtipte keliwi ko`binese poeziyalıq shıg`armalarda, ayırımları prozalıq shıg`armalarda ushırasadı.

Mısalı: *Da`pterinen qag`az alıp keu`ilin`,*
*Jazg`anda tawsılmas* sırların` senin` (M.Da`ribaev).
Ne jazıg`ı boldı bul biysharanın` (K.Sultanov).

Anıqlawıshtın` inversiyalıq orın ta`rtipte keliwi mınaday jumıslar arqalı anıqlanadı: qosıq tekstlerin tan`law, anıqlawıshtın` so`ylew tilinde ushırawına mısal tabıw ha`m t.b.

Anıqlawıshlar morfologiyalıq bildiriliwi menen anıqlanıwshı ag`zag`a baylanıslı bolıwına qaray: jupkerlesiwshi ha`m izafetlik anıqlawıshlar bolıp ekige bo`linedi.

Jupkerlesiwshi anıqlawıshlar zattın` sın-sımbatın, tu`r-tu`sin, san-mug`darın t.b. basqa belgilerin bildiredi, al izafetlik anıqlawıshlar iyelik sepligindegi atlıq ha`m atlıqlasqan so`zlerden boladı.

Anıqlawıshtın` usı eki tu`rin u`yretiwde salıstırıw usılı paydalanıladı yamasa so`zlerdi ha`r ta`repleme talqılaw alıp barıladı.

A`sirese, jupkerlesiwshi anıqlawıshlar olardın` bildiriwleri mısallar ja`rdeminde da`liyllenedi. O`ytkeni, qurg`aq bayanlawlar, anıqlamalar este saqlanbaydı. Sol ushın tema teoriyalıq bilim ha`m a`meliy jumıslar menen baylanıstırıladı.

Jupkerlesiwshi anıqlawıshlardın` kelbetlik, sanlıq yaki almasıq so`zlerden bolatug`ınlıg`ı aytılıp, olarg`a mısallar keltirilgende jupkerlesiwshi anıqlawıshtın` qanday so`z shaqaplarınan bolatug`ınlıg`ı anıqlanadı.

Izafetlik anıqlawıshlardın` ha`r qıylı so`z shaqapların bildiretug`ınlıg`ı oqıtıwdın` tu`siniklilik printsipi tiykarında u`yretiledi.

Izafetlik anıqlawıshtın` almasıqlar menen kelbetlik so`zden ha`m atawısh feyillerden bolatug`ınlıg`ı analiz-sintez usılı menen tu`sindiriledi. Izafetlik anıqlawıshlardın` atlıqtın` ornındag`ı almasıqlardan bolatug`ınlıg`ı <u>bizin`, sizin`, onın`</u> t.b. so`zler menen anıqlanadı, usı so`zlerge baylanıslı ga`p du`ziledi.

Sonday-aq, <u>*jıynalg`anlıq*</u>, <u>*dene*</u> <u>*shınıqtırıw*</u> so`zlerinin` zatlasıp, izafetlik anıqlawısh xızmetin atqaratug`ınlıg`ı mısallar menen da`lillenedi.

Anıqlawıshtın` baylanısıw usılına qaray tu`rleri qolaylı usıllar arqalı u`yretilip, bul boyınsha bilimdi, tu`sinikti anıqlawda jazba jumıs o`tkeriledi, test alınadı.

## AYQINLAWIShTI OQITIW

Ayqınlawısh o`zinen burın yaki son` kelgen anıqlanıwshı so`zdin` ma`nisin tolıq ashıp, onı tu`sindirip ayqınlaydı. Ayqınlawıshlar bir na`rseni ayqınlap keliw o`zgesheliklerine qaray ayırımlang`an bolıp keledi.

Ayırımlang`an ayqınlawıshlar o`zinen burıng`ı so`zdin` ma`nisin ekinshi so`z benen ayqınlap tu`sindirgende, intonatsiya menen aytılsa, ayırımlanbag`an ayqınlawıshlar ayqınlaytug`ın so`zdin` keyninde yaki aldında kelip, olar jupkerlesip baylanısadı.

Ayqınlawısh boyınsha tu`sinik berilgende onın` atlıqtan bolg`an ag`zanı ayqınlap keletug`ını, atlıq so`zdin` ma`nisine qanday ayqınlıq bergenligi mısallar ja`rdeminde aytıladı.

Sonday-aq, atlıq so`zdin` birewi ekinshisin ayqınlap, sapalıq belgini bildirgende, ka`sipke baylanısıp kelgende arasına sızıqsha qoyılatug`ını este tutıladı.

*Bul boyınsha bilimdi bekkemlewde mınaday a`meliy jumıslar orınlanadı:*

- atlıq so`zlerden du`zilgen ondag`ı berilgen ayqınlawıshlardı tabıw;
- berilgen ga`plerden ka`siplik, qa`n`igelik, tuwısqanlıq belgilerdi bildiretug`ın so`zlerdi tabıw;
- ayqınlawısh so`zlerden du`zilgen ga`plerdegi ayqınlawıshlardın` astın sızıp, ma`nilerin, qollanıwın aytıp beriw;
- ayqınlawısh so`zler tiykarında kishi ko`lemde bayan yamasa shıg`arma jazıw;
- o`zleri oqıg`an a`debiy shıg`armalardan ayqınlawıshtan du`zilgen ga`plerdi tabıw ha`m t.b.

Solay etip, ayqınlawısh boyınsha tu`sinik berilip bilim bekkemlense, ayqınlawıshtın` anıqlawıshtan o`zgesheligi anıqlanadı.

Ayqınlawısh ag`za basqa ag`zalarg`a uqsamaydı, onın` bildiriliwi basqa ag`zalardan o`zgeshe. Sonlıqtan bul ag`zanı oqıtıwda tu`sindiriw, salıstırıw, mısallardı tallaw usılları qollanıladı, ayqınlawıshtın` o`zine ta`n belgileri to`mendegishe talqılanadı:

1. Ayqınlawıshtın` ma`nisi basqa ag`zalardan o`zgeshe ekenligi eskertiledi.

2. Ayqınlawıshtın` ma`nisi menen ga`ptegi ornına qaray ayırımlang`an ha`m qospa ayqınlawıshlar bolıp keletug`ınlıg`ı tu`sindiriledi.

*Ga`ptin` ekinshi ag`zalarınan ayqınlawısh ag`zanı ajıratıwda mınaday a`meliy jumıslar orınlanadı:*

- tekstten ayqınlawısh ag`zanı tabıw;
- olardın` qaysı ag`zanı ayqınlap turg`anın, ga`ptegi ornın anıqlaw;
- berilgen so`zler tiykarında ga`p quraw;
- ayqınlawıshtın` ga`pte ne ushın qollanılıp turg`anın aytıw;
- ayqınlawıshtın` o`zine ta`n belgilerin aytıw ha`m t.b.

Ayqınlawıshlar ayqınlaytug`ın so`zden son` kelgende ayırıqsha intonatsiya menen aytıladı ha`m olardan bo`lek turıp ayırımlanadı.

Bunday ayırımlang`an ayqınlawıshlardı tu`sindiriwde kesteden paydalanıwg`a boladı.

Kestege jazılg`an ga`pler oqıladı, olarg`a morfologiyalıq ha`m sintaksislik tallaw o`tkeriledi.

Bunda morfologiya boyınsha tu`sinik sintaksis penen baylanıstırıladı, so`zlerdin` qaysı so`z shaqabınan bolatug`ını anıqlanadı, ayırımlang`an ayqınlawıshlardın` qaysı ga`p ag`zalardı ayqınlaytug`ını belgili boladı.

Ayırımlang`an ayqınlawıshlardın` bir yamasa bir neshe so`zlerden bolatug`ını, ayırımlang`an ayqınlawıshlar ayqınlanatug`ın ag`zalar menen intonatsiya, baylanıstırıwshı so`zler arqalı baylanısatug`ınlıg`ı aytıladı, ayırımlang`an ayqınlawıshlar pauza menen aytılıwı, ayqınlawıshtın` irkilis belgiler boyınsha o`zgesheleniwi seziledi.

Bul tu`sinikler oqıwshılardın` oylaw qa`biletin arttıradı, jumıs islew uqıbın qa`liplestiredi. Oqıwshılar ***ayırımlang`an ayqınlawıshlardın` to`mendegidey belgileri bar ekenin tu`sinedi:***

1. Ayırımlang`an ayqınlawısh ayqınlaytug`ın ga`ptin` son`ında turadı.
2. Ayırımlang`an ayqınlawısh o`zi ayqınlaytug`ın ag`za menen birlik, ko`plik, seplik jalg`awları arqalı baylanısadı.
3. Ayırımlang`an ayqınlawıshlar baslawısh penen anıqlawıshtı, tolıqlawısh penen pısıqlawıshtı ayqınlap keledi.
4. Ayırımlang`an ayqınlawıshlar bir yaki bir neshe so`zlerden quraladı.
5. Ayırımlang`an ayqınlawıshlar o`zi ayqınlaytug`ın so`zden yamasa o`zinen son`g`ı so`zlerden intonatsiya arqalı bo`lek turadı.
6. Ayırımlang`an ayqınlawıshlar o`zi ayqınlaytug`ın ga`p ag`za menen intonatsiya ha`m baylanıstırıwshı so`zler arqalı ja`ne orın ta`rtip penen baylanısadı.

Ayırımlang`an ayqınlawıshlarg`a baylanıslı bilim menen a`meliy ko`nlikpe berilse, oqıwshılar awızeki tilde ha`m jazba jumıslarda ayırımlang`an ayqınlawıshlardı erkin qollana alatug`ın boladı. ***Olarg`a to`mendegidey tapsırmalar beriledi:***

- berilgen ga`ptegi ayırımlang`an ayqınlawıshlardı tabıw;
- onın` ne ushın ayırımlang`an ayqınlawısh ekenin da`llilew;
- berilgen so`zlerden, baslawısh, anıqlawısh, tolıqlawısh ja`ne pısıqlawıshtı ayqınlaytug`ın ga`p du`ziw;
- kishi ko`lemde bayan yaki shıg`arma jazıw;

- ayırımlang`an ayqınlawıshlı tekstlerdi durıs oqıw;
- irkilis belgileri qoyılmag`an ga`plerdegi ayırımlang`an ayqınlawısh ag`zalardın` irkilis belgilerin durıs qoyıw;
- ayırımlang`an ayqınlawıshtı anıqlawısh ag`za menen salıstırıw;
- bulardın` ha`r birinin` o`zine ta`n belgilerin, bir-birinen o`zgesheligin ayırıp biliw;
- ayırımlang`an ayqınlawısh arqalı du`zilgen ga`plerdi sxema menen aytıp beriw;
- berilgen sxema tiykarında ga`pler du`ziw;
- ayırımlang`an ayqınlawısh penen du`zilgen ga`plerdi anıqlawısh penen du`zilgen ga`plerge aylandırıp, olardın` ma`nilerin salıstırıw ha`m t.b.

Mine usınday jumıslar ha`m talaplar sabaq yaki sabaqtan tıs waqıtları orınlanıp barılsa, ayqınlawısh ag`zanın` anıqlawısh ag`zadan o`zgesheligi, ayqınlawıshtın` ga`p ag`zası bolatug`ınlıg`ı anıqlanadı.

Qospa ayqınlawıshlardı tu`sindiriwde ol ayırımlang`an ayqınlawıshlar menen salıstırıladı ha`m kesteden paydalanıwg`a boladı.

Oqıwshılar qospa ayqınlawıshtı qospa ga`p ag`zası dep tu`siniwi mu`mkin. Bunday shataslıqtı anıqlawda qospa ga`p ag`zasının` o`zine ta`n belgileri atalıp o`tiledi. Ol ushın qospa ga`p tan`lap alınadı, ol qospa ayqınlawıshlı ga`p penen salıstırıladı.

Qospa ga`ptin` bir bo`legi qosılmay aytılsa, ol ga`ptin` ma`nisi o`zgeredi. Al qospa ayqınlawıshtın` bir bo`limi qosılması, ol ga`ptin` ma`nisi o`zgermewi mu`mkin ha`m sol ga`pti tolıq tu`siniwge boladı.

Qospa ayqınlawısh ataw sepliginde aytılıp, o`zi ayqınlaytug`ın so`zden burın turg`an anıqlawısh ag`zag`a uqsas bolıp keledi, onın` ***to`mendegidey belgileri tildin` faktleri tiykarında tu`sindiriledi:***

1. Qospa ayqınlawısh ga`pte o`zi ayqınlaytug`ın ag`zanın` aldında turadı.
2. Qospa ayqınlawısh intonatsiya menen aytılıp, irkilis belgisiz jazıladı.
3. Qospa ayqınlawısh penen anıqlawısh ag`zalardın` ornı almastırılg`anda ga`ptegi xızmeti o`zgeredi.
4. Qospa ayqınlawısh ga`ptin` barlıq ag`zaların ayqınlaydı, ha`m t.b.

***Qospa ayqınlawısh boyınsha bilim ha`m a`meliy ko`nlikpeni bekkemlewde mınaday jumıslardı orınlaw paydalı bolıp tabıladı:***

- berilgen so`zlerden qospa ayqınlawıshı bar ga`p du`ziw;
- berilgen tekstten qospa ayqınlawıshlardı tawıp, olardın` qalay qospa ayqınlawısh bolg`anın anıqlaw;
- qospa ayqınlawıshı bar ga`plerdi ayqınlawıshsız ga`plerge aylandırıw;
- berilgen ga`plerdi tu`sinigi boyınsha jazıw;
- berilgen sxemanın` ja`rdeminde qospa ayqınlawıshı bar ga`pler quraw;
- qospa ayqınlawısh penen ayırımlang`an ayqınlawıshlardın` uqsaslıg`ın ha`m o`zgesheligin ayıra biliw;
- qospa ayqınlawısh tiykarında baqlaw o`tkeriw, u`yretiwshi diktentler jazıw ha`m t.b.

Bunday a`meliy jumıslar usı temanı jaqsı bilip ha`m an`sat o`zlestirip alıwg`a ja`rdem etedi.

# PISIQLAWIShTI OQITIW

Pısıqlawıshlar basqa ag`zalar sıyaqlı dara so`zler, leksikalıq pu`tinliktegi qospa so`zler, ga`p ag`zalarına bo`linbeytug`ın so`zler dizbegi ha`m bir neshe so`zlerdin` sintaksislik baylanısınan du`zilgen feyil toplamları arqalı bildiriledi. Sonlıqtan du`ziliw o`zgesheligine qaray jay, qospa ha`m ken`eytilgen pısıqlawısh bolıp keledi.

Pısıqlawıshtı oqıtıwdan aldın oqıwshılarg`a ra`wishke baylanıslı tapsırma beriw yamasa baslawısh klassta u`yrenilgen pısıqlawısh boyınsha oqıg`anların eske tu`siriw tapsırıladı.

Oqıwshılarg`a bunday tapsırma beriwdegi maqset- pısıqlawısh boyınsha ha`rqıylı jumıslardı orınlawda olar o`zleri u`yrengen bilimlerine su`yenip mug`allim menen gu`rrin`lesiwge tayarlanadı. Sonda ***temag`a baylanıslı mınaday wazıypalar orınlanadı:***

- oqıwshılarg`a pısıqlawıshtın` ma`nisi ha`m xızmeti boyınsha mag`lıwmat beriw;
- pısıqlawıshtın` ga`ptegi ornın ha`m ma`n`ilerin anıqlaw;
- pısıqlawıshtı ga`pte durıs qollana biliwge ko`nliktiriw ha`m t.b.

Usı wazıypalardı atqarıwda do`retiwshilik jumıslar orınlanadı, soraw-juwaplar o`tkeriledi. Bunda pısıqlawıshtın` qurılısı boyınsha tu`rleri, olardın` o`zgeshelikleri ha`r ta`repleme talqılanıp, mısallar arqalı da`liyllenedi.

A`meliy jumıslardı orınlawda oqıwshılar qıynalsa, ja`rdem berilip jol-joba ko`rsetiledi. Pısıqlawıshlar qanday tu`rde qollanılsa da bir sorawg`a juwap beretug`ınlıg`ı, qaysı so`z shaqaplarınan jasalatug`ınlıg`ı tuwralı teoriyalıq bilim ha`m a`meliy ko`nlikpe berilip barıladı.

***Pısıqlawıshtın` qurılısı boyınsha tu`rlerin oqıtıw barısında to`mendegidey o`zgesheliklerdin` bar ekenligi aytıladı:***

1. Dara pısıqlawıshlar bir so`zden jasaladı.
2. Qospa pısıqlawıshlar eki yamasa onnan ko`p so`zlerden ha`m so`z dizbeklerinen boladı.
3. Qospa pısıqlawısh atlıq penen ko`mekshi so`zler ja`rdeminde ha`m sanlıq penen atlıqlardan ha`m ra`wishlerden jasaladı.

Bular tuwralı bilim ja`ne tu`sinik alg`an oqıwshılar pısıqlawıshtın` qurılısın, qanday so`zlerden jasalatug`ının tu`sinip, o`zlerinshe do`retiwshilik jumıslardı isley aladı.

Ken`eytilgen pısıqlawıshlardı u`yretiwde onın` hal feyil, kelbetlik feyil, atawısh feyillerden ha`m sha`rt meyildin` basqarıwındag`ı toplamlardan bolatug`ınlıg`ı aytıladı.

Feyil toplamlarınan basqa da ekinshi da`rejeli ag`zalar bolıwı mu`mkin. Ken`eytilgen pısıqlawıshlardın` basqa ken`eytilgen ag`zalardan o`zgeshelikleri mısallar ja`rdeminde ilimiy jaqtan da`liyllenip ko`rsetiledi.

Oqıwshılar to`mendegidey ga`plerden ken`eytilgen pısıqlawıshtı ayıra almay, onı basqasha tallawı mu`mkin.

1. *Ele aldımda ne bolatug`ının ko`z aldıma keltirsem* qorqıp ketemen (Sh.Seytov).

2. <u>Payıw-piyada ko`pirge jetkenimde</u> onın` menen ushırastım (sonda).

Berilgen ga`plerdegi ken`eytilgen pısıqlawıshlardın` qalay du`zilgeni, qanday toplamlardan turg`anlıg`ı oqıwshılarg`a tu`sindirilse, ol haqqında bilim teren`lesip, basqa ken`eytilgen ag`zalardan o`zgesheligin an`laydı.

***Pısıqlawıshtın` qurılısı boyınsha tu`rleri ha`r ta`repleme tu`sindirilgennen son` mınaday a`meliy jumıslar orınlanadı:***

- berilgen tekstten pısıqlawıshtın` qurılısı boyınsha tu`rlerin anıqlaw;
- sol pısıqlawıshlardın` grammatikalıq belgilerin durıs ayırıw;
- olardın` qanday so`z shaqabınan, qanday so`z dizbekleri menen feyil toplamlarınan bolg`anın biliw;
- berilgen so`zlerden dara, qospa ha`m ken`eytilgen pısıqlawıshlar jasap, olardı ga`p ishinde keltiriw;
- bul tema boyınsha qadag`alaw jumısın o`tkeriw;
- do`retiwshilik jumıslar jazdırıp, (bayan, shıg`arma jazdırıp) pısıqlawıshtı jazba jumıslarda qollana alıwg`a a`detlendiriw. ha`m t.b.

Temanı tu`sindiriwde oqıwshılardın` jas o`zgesheligi, psixologiya-fiziologiyalıq jag`dayı ha`m bilim da`rejesi menen sabaqqa bolg`an qızıg`ıwshılıg`ı esapqa alınadı.

Pısıqlawıshtı oqıtıwda metodikalıq usıllar tan`lanıp, ol boyınsha bilim ha`m ko`nlikpe payda etiwde mınaday jumıslar ***orınlanıw na`zerde tutıladı:***

- berilgen ko`rsetpe quraldag`ı tapsırmanı orınlawg`a itibar beriw;
- ko`rsetpe quraldag`ı mısallardın` qanday ma`ni bildiretug`ının anıqlaw;
- so`zlerdin` qanday formada turg`anın biliw;
- mısallardın` qanday sorawlarg`a juwap beretug`ının tu`siniw;
- olardın` qanday so`z shaqaplarınan bolg`anın anıqlaw;
- bir yamasa birneshe so`zler dizbegindegi pısıqlawıshlardın` qanday pısıqlawısh ekenin ayıra biliw ha`m t.b.

***Usınday jumıslardın` orınlanıwı na`tiyjesinde pısıqlawısh ag`zanın` o`zine ta`n to`mendegidey belgileri anıqlanadı:***

1. Pısıqlawısh ag`za ga`ptegi is-ha`rekettin` sın-sıpatın, mug`darın, sebebin ha`m t.b. belgilerin bildiredi.
2. Pısıqlawısh ra`wish so`z shaqabınan ja`ne barıs, tabıs, shıg`ıs sepliklerindegi atlıq so`zlerden ha`m ataw sepliktegi kelbetlik penen sanlıq so`z shaqaplarınan, hal feyil formalarınan jasaladı.
3. Pısıqlawısh o`zine tiyisli sorawlarg`a juwap beredi.
4. Pısıqlawısh basqa ga`p ag`zaları sıyaqlı dara, qospa ha`m birgelkili bolıp keledi.
5. Pısıqlawısh ma`nilik jaqtan bir neshe toparlarg`a bo`linedi, ha`m t.b.

***Pısıqlawıshqa baylanıslı bilim menen ko`nlikpeni bekkemlewde to`mendegidey a`meliy jumıslar orınlanadı:***

- berilgen tekstten pısıqlawıshtı tawıp olardın` qalay du`zilgenin, qanday sorawlarg`a juwap bergenin anıqlaw;
- berilgen so`zlerdin` ja`rdeminde pısıqlawıshqa ılayıq ga`p du`ziw;
- atlıqtan, ko`mekshi so`zlerden, sanlıq penen atlıqtan bolg`an qospa pısıqlawıshqa mısallar keltiriw;
- pısıqlawısh ag`zadan bolg`an ga`plerdi sızıqlar arqalı belgilew;

- pısıqlawıshtın` ga`ptin` qaysı ag`zası menen qalay baylanısıp turg`anlıg`ın anıqlaw;
- barıs, tabıs, shıg`ıs sepliklerindegi pısıqlawıshlardı omonim tu`rdegi tolıqlawısh ag`zalar menen salıstırıw;
- olardın` ha`r birinin` o`zine ta`n belgilerin tu`sindiriw;
- pısıqlawısh so`zler ja`rdeminde diktant, bayan jazıw ha`m t.b.

Pısıqlawıshqa tiyisli materiallar u`yrenilip bolıng`annan son` juu`maqlaw yaki ta`kirarlaw sabaqları o`tkeriledi. Bunda o`tilgen material boyınsha oqıwshının` bilimi menen ko`nlikpesi teren`lestiriledi, materialdın` ayırım orınları eske tu`siriledi. Solay etip, olardın` tema boyınsha tu`sinigi ken`eyedi, bilimi joqarı boladı.

## PISIQLAWIShTIN` MA`NILIK TU`RLERIN OQITIW

Pısıqlawıshtın` ma`nisi ko`binese is-ha`reketke qatnaslı ma`lim boladı. Sonlıqtan pısıqlawısh tolıqlawısh sıyaqlı bayanlawıshqa g`a`rezli bolıp, onın` tu`sindiriwshi ag`zası xızmetin atqaradı.

Pısıqlawısh is-ha`rekettin` isleniw usılın, sapasın, waqıt, orın, mug`dar, sebep ha`m t.b. belgilerin bildirip, barlıq so`z shıqapları arqalı an`latıladı, olar semantikalıq jaqtan birneshe tu`rlerge bo`linedi.

Pısıqlawıshtı ma`nilik tu`rlerge ayırg`anda onın` ma`nilik bo`liniwlerine, bul bo`liniwlerdi tu`siniwge, onı tolıq bilip alıwg`a mu`mkinshilik tuwdırıladı. Pısıqlawıshtın` ha`r bir ma`nilik tu`rine mısallar keltiriledi, olardın` ma`nilik o`zgeshelikleri, grammatikalıq belgileri salıstırıwlar menen tu`sindiriledi.

Na`tiyjede oqıwshılar pısıqlawıshtın` ma`nilik tu`rlerin o`zlestirip grammatikalıq belgilerin anıqlaydı.

## SIN PISIQLAWIShTI OQITIW

Sın pısıqlawıshlar ha`reketti sıpatlaw ma`nilerine qaray is-ha`rekettin` sapasın, isleniw usılın bildiredi ha`m so`z shaqaplarınan, feyil toplamlarınan, frazeologiyalıq dizbeklerden boladı. Sın pısıqlawıshlar ha`rekettegi sıpatlaw belgilerine qaray is-ha`rekettin` sapasın bildiriwshi ha`m is-ha`ekettin` isleniw usılın bildiriwshi sın pısıqlawısh bolıp ekige bo`linedi.

Is-ha`rekettin` sapasın bildiriwshi sın pısıqlawıshlar kelbetlik so`z shaqabı menen sın ra`wishinen bolıp, tiykar ha`m do`rendi tu`rdegi sapa ha`m qatnaslıq kelbetlikler arqalı bildiriledi.

Bunday sın pısıqlawıshlar salıstırıw, ku`sheytiw ra`wishlerinen ja`ne kelbetlik ha`m ra`wishlik xarakterdegi frazeologiyalıq dizbeklerden, sapalıq ha`m sın ra`wishlerden boladı.

Bul sın pısıqlawıshlar ha`rekettin` isleniw usılın, qalay islengenin sıpatlap, jup ha`m ta`kirar ra`wishlerinen, ken`islik sepliktegi atawısh so`zlerden, hal feyil toplamlarınan, eliklewish so`zlerden, ra`wishlik frazeologiyalıq dizbeklerden ja`ne ha`reketti bildiriwshi tirkewish penen ko`mekshi so`zlerden de bolıp keliwleri ushırasadı.

Onın` usınday xarakterli belgilerin mısallar ja`rdeminde tu`sindiriw maqsetinde gu`rrin`lesiw o`tkeriledi, salıstırmalı usıl paydalanıladı.

O`ytkeni, oqıwshılar sın pısıqlawıshtın` is-ha`rekettin` sapasın ha`m isleniw usılların bildiretug`ının tolıq bilmewi mu`mkin. Sebebi, sın pısıqlawıshlardın` sınlıq belgige iye ekenligin biledi. Bunday xarakterli belgilerine to`mendegidey mısallar keltiriledi:

Hawa rayı *a`bden* buzıladı. (O`.Aytjanov).

Turdımurat *qozg`almastan* turdı (sonda).

Usı ga`plerdegi pısıqlawıshlardın` birdey ma`ni an`latqanın oqıwshılar tu`sinedi. Ga`ptegi eki so`zdin` biri sapalıq ma`nini, ekinshisi is-ha`rekettin` isleniw usılın bildiretug`ını eskertiledi.

Sapalıq ma`ni bildirgen pısıqlawıshlardın` ha`r qıylı so`z benen ha`m ko`mekshi so`zler arqalı bildiriwleri a`debiy shıg`armalardan alıng`an mısallar ja`rdeminde tu`sindiriledi.

Is-ha`reket usılın bildiriwshi pısıqlawıshlardın` ga`pte qollanıwları, grammatikalıq belgileri mısallardı talqılawlar arqalı oqıwshılarg`a jetkeriledi.

Usınday tu`sindiriwden son` soraw-juwap o`tkeriledi, test sınaqları alınadı.

***Sın pısıqlawıshtın` o`zine ta`n mınaday belgilerge iye ekenligi aytıladı:***

1. Sın pısıqlawıshı feyilden bolg`an bayanlawıshtın` sını menen mug`darın bildiredi.

2. Sın pısıqlawıshı ha`r qıylı so`zler ha`m tirkewishler menen dizbeklesip keledi.

3. Sın pısıqlawıshı bayanlawısh penen baylanısadı. t.b.

Sın pısıqlawıshqa ta`n belgilerdi tu`siniw qıyın bolg`anlıqtan, ol belgilerdi bildiriwshi so`zler taxtag`a jazıladı, olardın` sorawları menen qanday ma`ni bildiretug`ını, qaysı so`z benen baylanısatug`ını aytıladı.

Hal feyil, atawısh feyillerden bolg`an pısıqlawısh qospa ga`ptin` bayanlawıshına uqsas. Bunday omonimles ga`p ag`zalarının` o`zgesheligin ajıratıwda mısallar tan`lap alınıp, olar salıstırıladı.

***Sın pısıqlawıshlardı awızeki ha`m jazba tilde qollanıw ushın mınaday a`meliy jumıslar orınlanadı:***

- teksten sın pısıqlawıshtı tawıp, onı tolıq da`lillew;
- sın pısıqlawıshqa ılayıq ga`p du`ziw;
- a`debiy shıg`armalardan sın pısıqlawıshı bir ga`pti tawıp tallaw;
- sın pısıqlawıshtın` qaysı so`z shıqaplarınan bolatug`ının anıqlaw;
- sın pısıqlawıshtı omonimles qospa bayanlawıshtan ajırata biliw;
- bulardın` bir-birinen o`zgesheligin mısallar arqalı ko`rsetiw;
- sın pısıqlawıshlı ga`pler, tekstler tiykarında diktant, bayan jazıw ha`m t.b.

## ORIN PISIQLAWIShTI OQITIW

Orın pısıqlawıshı is-ha`rekettin` orınlanıw bag`ıtın, shıqqan jerin ha`m ornın bildiredi.

Orın pısıqlawıshı orın ra`wishinen, ken`islik sepliktegi atlıqlardan, atawıshlardan ja`ne atawısh so`zler ha`m tirkewishler dizbegi menen orın sepligindegi atlıqlardan boladı.

Orın pısıqlawıshların oqıtqanda da`slep onın` sorawları anıqlanadı. O`ytkeni, orın pısıqlawıshının` sorawlarına, orın ra`wishleri, barıs, shıg`ıs sepliklerindegi so`zler orın ha`m bag`ıttı bildiretug`ın ko`mekshi so`zler juwap beredi.

Orın pısıqlawıshın tu`sindiriwde onın` ha`r qıylı so`zlerden bolatug`ınlıg`ı eske tu`siriledi.

Bul tema boyınsha ko`rsetpe qural tayarlanıp ondag`ı ga`pler tallanadı, astı sızılg`an so`zlerdin` qanday ma`ni an`latqanı, qanday sorawg`a juwap beretug`ını, qaysı so`z shıqaplarınan bolg`anlıg`ı, qaysı ag`zalar menen baylanısqanı aytıladı.

***Sonlıqtan orın pısıqlawıshının` o`zine ta`n mınaday belgileri anıqlanadı:***

1. Orın pısıqlawıshı ga`pte feyilden bolg`an bayanlawısh ag`zanın` ornın, bag`ıtın bildiredi.

2. Orın pısıqlawıshı o`zine tiyisli sorawlarg`a juwap beredi.

3. Orın pısıqlawıshı orın ra`wishinen ha`m barıs, tabıs, shıg`ıs sepliklerindegi so`zlerden boladı.

Orın pısıqlawıshı barıs, tabıs, shıg`ıs sepligindegi tolıqlawısh so`zlerge uqsas boladı. Olardın` o`zgeshelikleri mısallar arqalı salıs-tırıladı.

***Temag`a baylanıslı to`mendegidey sorawlar beriledi:***

1. Orın pısıqlawıshı qanday so`zler menen dizbeklesedi?

2. Olar ko`binese qanday so`zlerden boladı?

3. Orın pısıqlawıshı menen tolıqlawısh bir-birinen qalay o`zgeshelenedi?

4. Orın pısıqlawıshının` grammatikalıq belgileri qanday? ha`m t.b.

Orın pısıqlawıshı boyınsha oqıwshı mınaday bilim, a`meliy ko`nlikpege iye boladı:

1. Teksttegi orın pısıqlawıshının` ne ushın berilgenin biledi.

2. Orın pısıqlawıshının` belgilerin este saqlaydı

3. Orın pısıqlawıshı qatnasında ga`p du`ziwge erisedi.

4. Orın pısıqlawıshlı ga`pti tolıqlawıshlı ga`pke aylandıradı.

5. Orın pısıqlawıshlı ga`plerdin` sxemasın sızıp ko`rsetedi.

6. Orın pısıqlawıshı bar ga`pler yamasa tekstler tiykarında diktant, bayan jaza alatug`ın da`rejege jetisedi ha`m t.b.

## WAQIT PISIQLAWIShTI OQITIW

Waqıt pısıqlawıshı is-ha`rekettin` waqıtlıq belgilerin tu`sindirip, onın` qashan bolg`anın anıqlaydı ha`m so`z dizbekleri arqalı bildiriledi. Al waqıt pısıqlawıshı waqıtlıq ma`nili atawıshlardan, sanlıq so`zler ha`m waqıt ma`nili atawıshlar menen orın seplikli atawıshlardın` dizbeginen, waqıt ra`wishli frazeologiyalıq dizbeklerden, anıqlawıshlıq qatnastag`ı waqıt ma`nili atawıshlardın` dizbeginen, feyil toplamlarınan ha`m tirkewishlerden boladı.

Waqıt pısıqlawıshın jaqsı o`zlestirwde waqıtlıq ma`nili so`zler tolıq u`yretiledi.

Waqıt pısıqlawıshın tu`sindiriwden aldın oqıwshılarg`a sorawlar beriledi, qaysı so`z shaqabı waqıtlıq ma`ni bildiretug`ını aytıladı.

***Oqıwshılarg`a keste ko`rsetilip sol tiykarda mınaday a`meliy jumıslar orınlanadı:***

1. Kestedegi mısallar oqılıp, olardın` waqıtlıq ma`ni an`latıp turg`anlıg`ı eskertiledi.

2. Berilgen so`zlerdin` sorawları aytıladı.

3. Sol so`zlerdin` qaysı so`z shaqabınan bolg`anlıg`ı anıqlanadı.

4. Waqıttı bildiretug`ın so`zlerdin` ga`ptin` qaysı ag`zası menen baylanısıp, kelgenligi belgilenedi.

5. Qashan? Qashannan beri? sorawları menen kelgen so`zler ga`pte bayanlawısh bolıp, basqa ag`zanın` waqtın bildiretug`ınlıg`ı, sol so`zler menen baylanısıwı, olardın` waqıt pısıqlawıshı bolatug`ını anıqlanadı.

***Joqarıdag`ıday a`meliy jumıslar orınlang`anda waqıt pısıqlawıshının` to`mendngidey belgileri anıqlanadı:***

1. Waqıt pısıqlawıshının` o`zine ta`n sorawları bar ekenligi.

2. Waqıt pısıqlawıshı waqıt ra`wishinen, waqıt ma`nili atawıshlardan ha`m waqıtlıq ma`ni bildiriwshi ko`mekshi so`zler dizbeginen boladı.

3. Waqıt pısıqlawıshı baslawısh ha`m feyilden bolg`an basqa ag`zalar menen baylanısadı. t.b.

***Waqıt pısıqlawıshı tuwralı berilgen bilimdi, bekkemlep turaqlastırıwda mınaday a`meliy jumıslardı orınlawg`a boladı:***

- berilgen tekstten waqıt pısıqlawıshın tawıp, sorawların, qanday so`z shaqaplarınan bolg`anın aytıw;
- berilgen ga`pten, tekstten waqıt ra`wishinen, atawıshlardan ha`m waqıt ma`nili tirkewishlerden bolg`an waqıt pısıqlawıshların terip jazıw;
- berilgen so`zler ja`rdeminde ga`p du`ziw;
- waqıt pısıqlawıshı bar ga`plerdegi so`zlerdin` baylanısın sxema arqalı ko`rsetiw;
- waqıt pısıqlawıshının` belgilerin aytıw;
- ko`mekshi so`zler menen barıs, shıg`ıs sepliklerindegi so`zlerdi ko`mekshi so`zlersiz kelgen so`zler menen salıstırıw, t.b.

Tilimizdegi waqıt pısıqlawısh penen waqıt bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` sorawları uqsas ha`m birdey.

Sonlıqtan olardı bir-birine shatastırmaw ushın waqıt bag`ının`qılı qospa ga`p, waqıt pısıqlawıshlı jay ga`p penen salıstırıladı.

## MUG`DAR-DA`REJE PISIQLAWIShTI OQITIW

Mug`dar-da`reje pısıqlawıshı ma`nilik jaqtan waqıt, orın ha`m sın pısıqlawıshlarg`a jaqın bolıp, ha`rekettin` waqıtlıq yamasa waqıttın` dawam etiwin, ken`islik ha`m sınlıq mug`darın bildiredi.

Mug`dar-da`reje pısıqlawıshının` so`z shaqaplarınan, so`z dizbekleri menen ko`mekshi so`zlerdin` baylanısınan bolatug`ınlıg`ı mınaday mısallar arqalı tu`sindiriledi.

1. Olar <u>az waqıt</u> otırdı.
2. <u>O`mir boyı</u> baydın` malın baqtı.
3. Qara suw <u>qara ko`rim</u> jerge aparadı.
4. Ol <u>a`dewir</u> ta`wir boldı.

5. Men to`rt-bes qa`dem ju`rdim.

Mug`dar-da`reje pısıqlawıshı qollanılıwı, ha`r tu`rli belgilerdi bildiriwlerine baylanıslı is-ha`rekettin` waqıtlıq, ken`islik, esaplıq ja`ne awırlıq mug`darların bildirip keletug`ını ilimiy tiykarda talqılanadı.

Bul temag`a baylanıslı mınaday a`meliy jumıs tu`rleri alıp barıladı.

*Atap aytqanda:*

a) mug`dar-da`reje pısıqlawıshının` grammatikalıq belgilerin anıqlaw

b) olardın` ma`nilik ta`repin ha`m so`zler menen baylanısıw jolların talqılaw;

v) temanın` basqa pısıqlawıshlardan o`zgesheligin biliw ha`m t.b.

## SEBEP PISIQLAWIShTI OQITIW

Sebep pısıqlawıshının` ma`nisi is-ha`reketke qatnasta ma`lim boladı, olar ha`rekettin` isleniwine, o`zinin` ta`sirin tiygizedi, onın` isleniwine sebepshi boladı.

Sebep pısıqlawıshı is-ha`reketke qatnaslı kelbetlik feyil menen atawısh feyillerden, kelbetlik feyil ha`m hal feyil toplamlarınan, atawısh so`zler menen tirkewishler ja`ne ko`mekshi atawıshlar dizbeginen boladı.

Sebep pısıqlawıshtı qospa komponentli bayanlawısh penen shatastırmaw ushın da`slep sebep pısıqlawısh haqqında mag`lıwmat beriledi.

***Ol ushın ko`rsetpe qural tayarlanıp sol tiykarda mınaday jumıslar orınlanadı.***

1. Ko`rsetpe quralg`a jazılg`an ga`pler oqıladı.
2. Berilgen ga`ptegi so`zlerdin` sorawları, ma`nileri qanday so`zler menen baylanısı aytıladı.
3. Seplikler menen kelgen so`zlerdin` bayanlawısh penen baylanısı aytıladı.
4. Shıg`ıs, barıs sepliklerindegi sebep pısıqlawıshlardı tolıqlawısh penen shatastırmaw ushın olar salıstırıladı.

Olardın` ma`nileri, sorawları ha`m belgileri aytılıp sebep ***pısıqla-wıshtın` to`mendegidey sıpatlaması beriledi.***

1. Sebep pısıqlawıshı bayanlıwıshtın` sebebin bildiredi.
2. Sebep pısıqlawıshının` sorawları bar
3. Sebep pısıqlawıshı shıg`ıs, barıs sepliginen, tirkewish ha`m kelbetlik feyil hal feyil toplamlarınan boladı.
4. Sebep pısıqlawıshı bayanlawısh ag`za menen baylanısıp keledi t.b.

***Sebep pısıqlawıshqa baylanıslı bilim menen ko`nlikpe payda etiwde mınaday a`meliy jumıslar orınlanadı:***

- tekstten sebep pısıqlawıshtı tawıp, onın` sebeplik ma`ni bildirgenin anıqlaw;
- berilgen so`zlerden sebep pısıqlawıshlı ga`p du`ziw;
- bir tu`rde berilgen so`zlerdin` qaysısı sebep pısıqlawısh, kaysısı tolıqlawısh ekenin ajıratıw;
- sebep pısıqlawıshlı jay ga`pti qospa ga`pke, qospa ga`pti sebep pısıqlawıshlı jay ga`pke aylandırıw;
- sebep pısıqlawıshlı jay ga`pler tiykarında baqlaw diktantın yamasa bayan jazdırıw;
- kespe qag`azlar ja`rdeminde jumıs islew;
- berilgen ga`plerdi grammatikalıq jaqtan tallaw ha`m t.b.

Sebep pısıqlawıshtı oqıtqanda salıstırıw usılınan paydalanıp, ha`r birinin` o`zgeshelikleri teoriyalıq jaqtan tu`sindiriledi.

## MAQSET PISIQLAWIShTI OQITIW

Maqset pısıqlawıshı is-ha`rekettin` isleniw maqsetin bildirip, olar to`mendegi so`z shaqaplarınan ha`m so`zler dizbeginen boladı.

Maqset pısıqlawıshı, arnayı, a`deyi, a`piwayı, qasaqana t.b. ra`wish so`zlerden, barıs, orın sepliklerindegi atawısh feyillerden, hal feyil toplamlarınan, tilek, sha`rt, buyrıq feyillerdin` basqarıwındag`ı toplamlardan boladı.

Maqset pısıqlawıshın oqıtqanda oqıwshılarg`a o`z betinshe jumıs isletiledi, kespe qag`azlardan paydalanıladı.

***Kespe qag`azlar oqıwshılarg`a tarqatılıp ondag`ı tapsırmanın` orınlanıwı tekseriledi. Beriletug`ın tapsırmalar mına mazmunda boladı:***

- barıs, orın sepliklerden bolg`an maqset pısıqlawıshlarg`a mısal tabıw;
- atawısh feyilli toplamlarg`a mısallar tawıp, olardın` ma`nilerin tu`sindiriw, t.b.

Oqıwshılardın` juwapları tolıqtırıladı, maqset pısıqlawıshının` xızmeti aytıladı ha`m onın` o`zine ta`n belgileri to`mendegishe anıqlanadı:

1. Maqset pısıqlawıshı feyilden bolg`an bayanlawıshtın` maqsetin bildiredi.
2. Maqset pısıqlawıshı o`zine tiyisli sorawlarg`a juwap beredi.
3. Maqset pısıqlawıshı so`z dizbeginen, ko`mekshi so`zlerden boladı, t.b.

Maqset pısıqlawıshına baylanıslı berilgen bilimdi ha`m ko`nlikpeni bekkemlewde, onı turaqlastırıwda *to`mendegidey a`meliy jumıslar orınlanadı:*

- teksten maqset pısıqlawıshın tawıp ma`nilerin anıqlaw;
- berilgen so`zlerdin` ja`rdeminde maqset pısıqlawıshlı ga`p quraw;
- maqset pısıqlawıshtı tolıqlawısh penen salıstırıw;
- olardın` bir-birinen o`zgesheligin tu`sindiriw;
- maqset pısıqlawıshı bar ga`pler menen tekstler tiykarında diktant, bayan jazdırıw;
- maqset pısıqlawıshlı ga`plerdi sxema menen ko`rsetiw;
- birgelkili maqset pısıqlawıshlardın` irkilis belgilerinin` qoyı-lıwların biliw ha`m t.b.

Maqset pısıqlawıshtı u`yretiwde to`men u`lgeretug`ın oqıwshılar menen o`z aldına jumıslar islenedi, to`mendegi ga`pler tallanadı.

1. Onın` orınsız *ashıwlang`anına* duw ku`listi. (K.Mambetov).
2. Adamlar *a`dettegishe* atız shertegine dem alıwg`a keldi. (Sonda).

Na`tiyjede oqıwshılardın` usı temanı o`zlestirip alıwlarına mu`mkinshilik jaratıladı, sabaqqa qızıg`ıwshılıg`ı artadı.

Ulıwma alg`anda, sebep ha`m maqset pısıqlawıshların oqıtıwda a`meliy jumıslar islenedi, ha`r qıylı metodikalıq usıllar paydalanıladı.

Sonlıqtan oqıwshılar maqset ha`m sebep pısıqlawıshlarının` gramma-tikalıq belgilerin, ga`ptegi xızmetlerin, bir-birinen o`zgesheliklerin bilip, tıyanaqlı bilimge iye boladı.

Pısıqlawısh boyınsha ta`kirarlaw yamasa juwmaqlaw sabag`ı o`tilgende so`zlerdi tallawg`a, olardın` bir-birinen ayırmasın biliwge dıqqat awdarıladı.

Ha`r bir temanı yaki bo`limdi tolıq bilip alıwda ta`kirarlaw sabag`ın o`tkeriw paydalı bolıp tabıladı.

O`ytkeni, ta`kirarlaw sabag`ında materialdın` ayırım ta`repleri tolıqtırıladı, qıyın bolg`an orınları eske tu`siriledi, olar boyınsha mısallar keltirilip, ha`r ta`repleme talqılanadı.

***Na`tiyjede oqıwshılarda pısıqlawısh boyınsha to`mendegidey bilim ko`nlikpe payda boladı:***

1. Pısıqlawıshıtın` qurılısı boyınsha tu`rleri, ma`nilik belgileri anıqlanadı.
2. Pısıqlawıshtın` ma`nilik tu`rlerinen tolıq mag`lıwmat beriledi.
3. Ma`nilik belgilerinin` o`zgeshelikleri tu`siniledi.
4. Pısıqlawıshqa baylanıslı jazba jumıs orınlanadı.

## ShA`RT PISIQLAWIShTI OQITIW

Sha`rt pısıqlawısh is-ha`rekettin` isleniw yamasa islenbew sha`rtin bil-diredi. Sha`rt pısıqlawısh ko`binese sha`rt meyil ha`m sha`rt meyil toplamlarınan boladı.

Sonday-aq, orın sepliktegi kelbetlik feyil ha`m kelbetlik feyil toplamlarınan da sha`rt pısıqlawısh bolıwı mu`mkin.

Ayırım jag`daylarda g`an-gen qosımtalı kelbetlik feyil toplamına jag`dayda so`zinin` dizbeklesiwinen ja`ne hal feyil toplamlarınan sha`rt pısıqlawıshlardın` bolatug`ını ushırasadı.

Sha`rt pısıqlawısh tuwralı tu`sinik berilgende onın` qanday formalardan bolatug`ını mısallar ja`rdeminde aytılıp, olar salıstırıladı, ma`nileri, grammatikalıq belgilerine baylanıslı tu`sinik beriledi.

Sonda oqıwshılar sha`rt pısıqlawıshtı pısıqlawıshlardın` basqa tu`rlerinen ayırıp tu`siniwge erisedi, onın` grammatikalıq belgilerin, o`zgesheliklerin tolıq o`zlestiredi.

Sha`rt pısıqlawıshın u`yretiwde to`mendegidey sorawlardan paydalanıwg`a boladı:

1. Sha`rt pısıqlawısh qanday so`z shaqabı menen toplamlardan boladı?
2. Sha`rt pısıqlawıshının` awızeki so`ylewdegi a`hmiyeti qanday?
3. Sha`rt pısıqlawıshı qanday ma`nilerdi bildiredi?
4. Sha`rt pısıqlawıshının` tiykarg`ı belgileri qanday? ha`m t.b.

Sha`rt pısıqlawısh haqqında bilim menen a`meliy ko`nlikpeni bekkemlewde mınaday a`meliy jumıslardı orınlawg`a boladı:

- a`debiy shıg`armalardan sha`rt pısıqlawıshın tawıp ma`nilerin anıqlaw;
- sha`rt pısıqlawıshı qatnasında ga`p du`ziw;
- sha`rt pısıqlawıshının` sorawların anıqlaw;
- bul tema boyınsha diktant, bayan jazıw ha`m t.b.

Sha`rt pısıqlawıshtı oqıtıwda joqarıdag`ıday sorawlarg`a juwap alınsa, a`meliy jumıslar orınlansa, bul temag`a tiyisli tu`sinik penen bilim bekkem ha`m turaqlı bolıwı mu`mkin.

## QARSILAS PISIQLAWIShTI OQITIW

Qarsılas pısıqlawısh is-ha`reketti qarama-qarsı ma`nide bildirip, sha`rt pısıqlawısh sıyaqlı sha`rt meyilden, kelbetlik ha`m hal feyiller menen feyil

basqarıwındag`ı so`zlerden, sonın` menen birge to`mendegi so`z ha`m so`z dizbeklerinen boladı:

- sha`rt meyili sha`rt meyil toplamına da,-de janapayının` dizbeklesiwinen;
- g`an-gen formalı kelbetlik feyilden ha`m kelbetlik feyil toplamına menen, penen de, bolmasa ko`mekshilerinin` dizbeklesiwinen;
- hal feyil menen hal feyil toplamlarınan;
- barıs sepligindegi atlıq, kelbetlik ha`m atawısh feyil toplamlarına qaramay, qaramastan tirkewishlerinin` dizbeklesiwinen bolıwı mu`mkin.

Qarsılas pısıqlawıshtın` joqarıdag`ı belgilerin tu`sindiriwde salıstırmalı usıldan paydalınıwg`a boladı. Ol ushın ga`pler taxtag`a jazılıp, olardın` ma`nileri, belgileri salıstırıladı.

Qarsılas pısıqlawıshqa tiyisli mısallar ha`r ta`repleme tallanıp, grammatikalıq belgilerin anıqlaw, na`tiyjesinde oqıwshı tema boyınsha anıq tu`sinikke iye boladı. Temag`a tiyisli tapsırma tayarlanıp onın` orınlawı ha`m jasalıwı u`yretiledi.

Qarsılas pısıqlawıshlardın` belgileri menen ma`nilerin u`yretiwde mınaday sorawlarg`a juwaplar alınadı:

1. Qarsılas pısıqlawıshlar qalay jasaladı?
2. Onın` sorawları qanday?
3. Ma`nilik ha`m grammatikalıq belgileri qanday? ha`m t.b.

Qarsılas pısıqlawısh u`yretilgen son` juwmaqlaw sabag`ı o`tkerilip, bunda burın o`tilgen pısıqlawıshtın` tu`rleri eske tu`siriledi, ol qarsılas pısıqlawısh penen salıstırıladı.

Bul temag`a baylanıslı bilimdi bekkemlew, tu`sinikti turaqlastırıwda to`mendegidey a`meliy jumıslar orınlanadı:

- tekstten yamasa berilgen ga`pten qarsılas pısıqlawıshtı tawıp, onın` ma`nilerin anıqlaw;
- berilgen so`zler ja`rdeminde qarsılas pısıqlawıshlı ga`p du`ziw;
- birdey bolg`an so`zlerdin` qaysısı qarsılaslıq ma`ni bildiriwin anıqlaw;
- qarsılas ma`nili pısıqlawıshtan du`zilgen jay ga`pti qospa ga`pke aylandırıw;
- berilgen so`zlerdi tu`sindirip jazıw;
- kespe qag`az benen jumıs islew;
- berilgen ga`plerdi tolıq tu`rde grammatikalıq tallaw;
- berilgen ga`pler yamasa tekst tiykarında diktant, bayan jazıw ha`m t.b.

Qarsılas pısıqlawıshlarg`a baylanıslı materialdı oqıwshılar tolıq o`zlestirse, kelesi temalardı u`yreniwde qıynalmaydı ha`m teoriyalıq mag`lıwmatqa iye boladı

Ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zaların oqıtıwda oqıwshılardın` bilim ko`nlikpe-lerin bayıtıw, oqıtıw printsipleri menen usıllardı basshılıqqa alıw, oqıwshı-larg`a ekinshi da`rejeli ag`zalardın` qag`ıydaların u`yretiw ha`m ha`r qıylı shınıg`ıw-lar menen diktant, bayan, shıg`arma jazdırıw anag`urlım paydalı bolıp tabıladı.

A`meliy ha`m jazba jumıslar sabaq barısında talapqa ılayıq alıp barılsa, oqıwshılardın` jazba sawatlılıg`ı, bilim da`rejesi joqarı da`rejede boladı. Olar ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zaların tolıq u`yrenip, teoriyalıq bilimge, a`meliy ko`nlikpege iye bolıp do`retiwshilik jumıs islewge erisedi, ha`r ta`repleme ta`rbiyalanadı.

Qaraqalpaq tili sabag`ında grammatikalıq oyınlar o`tkeriwge ayırıqsha a`hmiyet berilip atır. Sebebi sabaqta oqıwshılar menen birge o`tkerilgen oyın tiykarında o`tilgen tema oqıwshının` sanasına tolıq jetip baradı. Oyın barısında oqıwshılar o`zlerin erkin uslawına, pikirdi tolıq ha`m anıq aytıwg`a erisedi.

Oqıwshı bir bag`darda, ko`p waqıt dawamında bir na`rsege ba`nt bola berse, onı jalıqtıradı, onda sabaqqa bolg`an qızıg`ıwshılıq bolmaydı.

Sonlıqtan oqıwshının` sabaqqa bolg`an qızıg`ıwshılıg`ın, ıqlasın boldırıw ushın ha`r tu`rli shınıg`ıwlar jazdırıp, oyınlar o`tkerip turıw kerek. Sonda olardın` tema boyınsha tu`sinigi ken`eyip bilimi bekkemlenedi.

Oqıwshılar oyın barısında o`tilgen materialdın` qıyın ta`replerin an`sat o`zlestirip aladı. Sol ushın psixolog-metodistler sabaqta oyın o`tkeriwdin` a`hmiyetliligin joqarı, bahalaydı.

Sabaqta oyın o`tkeriw na`tiyjesinde oqıwshılardın` emotsional`lıq ha`m aqıl qa`bileti jetilisip sorawg`a qalay juwap bersem eken? dep og`an juwap isleydi, oqıwshı tez juwap tabıwg`a, shaqanlıqqa ta`rbiyalanadı.

Oyın barısında sorawlarg`a juwap izlew oqıwshının` tu`siniw, oylaw qa`biletliligin rawajlandıradı, olar bir-biri menen jarısıp bilimlerin sınasadı. Jarısta jen`ip shıg`ıwg`a talpınadı, olardın` tartınshaqlıg`ın azaytıp, qarım-qatnasın ken`eytedi.

## PAYDALANILG`AN A`DEBIYaTLAR


1. G`ulamov va boshqalar Wzbek tilini wqitish, Toshkent, 2001.
2. Qazaq tilin oqıtıw metodikası, Almatı – 1980
3. Berdimuratov E, Pirniyazov Q. Orta mekteplerde qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikası, No`kis, 1998.
4. Uyıqbaev D ha`m t.b. Qazaq tili metodikasının` ma`seleleri, Almatı. 1989.
5. G`ulamov A Ona tilini wqitish printsiplari va metodikasi, Toshkent, 1992.
6. Isabaev A. Qazaq tilin oqıtıw metodikası, Tashkent, 2005.
7. Twxliev D. Shamsieva M, Ziyadova T. Wzbek tilin wqitish metodikasi, Toshkent, 2006.
8. Nazarova S. Wzbek tilin wqitish metodikasi, Toshkent, 1992.
9. G`ulamov A. Ne`matov X. Ona tili ta`limining mazmuni, Toshkent, 1992.
10. G`ulamov A., Qadirov M. Ona tilini wqitish metodikasi. Toshkent, 2001.